




MAHKAMAH KONSTITUSI
REPUBLIK INDONESIA

1.2.

Undang-Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945

dalam Bahasa Jawa Madya



(jarwan ingkang mardika)



MAHKAMAH KONSTITUSI
REPUBLIK INDONESIA

**UNDANG-UNDANG DASAR
NEGARA REPUBLIK INDONESIA TAHUN 1945
DALAM BAHASA JAWA MADYA**

jarwan ingkang boten absah

Boten dipunsadé

**UNDANG-UNDANG DASAR
NEGARA REPUBLIK INDONESIA
TAHUN 1945**

Widodo, dkk
Jakarta: Setjen dan Kepaniteraan MKRI
Cap-capan ingkang kapisan, Maret 2007
xiv + 68 kaca; 15 x 21 cm

Cap-capan kapisan, Mei 2007

Boten dipunsadé

Pambabar
**Sekretariat Jenderal dan Kepaniteraan
Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia**
Jl. Medan Merdeka Barat No. 7 Jakarta Pusat
Telp. (021) 3520173, Faks. (021) 3520787
email: sekretariat@mahkamahkonstitusi.go.id
www.mahkamahkonstitusi.go.id

**UNDANG-UNDANG DASAR
NEGARA REPUBLIK INDONESIA
TAHUN 1945**

Déning:
Widodo
Widayati
Endang Kurniati
Siti Rodiyah Dwi Istinah
Hardyanto
Sri Kusriyah
Rakhmat Bowo Suharto

Sampun dipunrembag wonten ing lokakarya
Semarang, 27 - 28 Januari 2007

Pambabar
**Sekretariat Jenderal dan Kepaniteraan
Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia
2007**

INDONESIA
NEGARA BERSAMA-SAMA
TANPA SARA

Demokrasi
adalah
kehidupan
yang berkeadilan
di mana setiap orang
dapat berpartisipasi
dalam kehidupan
publik.

1999

www.kemlu.go.id

Departemen Luar Negeri
Menteri Koordinator Bidang
Hubungan Internasional
Jl. Medan Merdeka Selatan No. 16
Telp. (021) 52030000 dan (021) 52030001
www.kemlu.go.id



MAHKAMAH KONSTITUSI
REPUBLIK INDONESIA

ATUR SAPALA SAKING PAMBABAR

UUD 1945 minangka konstitusinipun bangsa Indonesia mujudaken ukum ingkang inggil piyambak, tumrap pangematipun negari menapa déné sadaya warga negari. UUD 1945 mujudaken sistem norma ingkang paring pamrayogi lan nemtokaken wewangunaning sistem ukum lan ketatanegaraan Indonesia. Kajawi menika, UUD 1945 ugi saged dipunwawas menangka sarana kontrol lantolok ukur tumrap konstitusionalitas sistem ukum lan ketatanegaraan ingkang dipunwangun lan dipunrembakakaken.

Pramila, UUD 1945 kedah dipunpahami déning sadaya pangembating negari lan sadaya warga negari. Pemahaman kasebat dipunbetahaken supados saged dipunjabaraken ing salemeting katemtuan operasional, saperlu njagi supados ukum lan kawicaksanan boten cengakah kaliyan UUD 1945, sarta kanggé sagedipun ngecakaken UUD 1945 ing salebetipun gesang minangka satunggaling bangsa lan negari. Sadaya pemahaman kasebat mujudaken dhasar tumrap pangupaya supados masyarakat Indonesia saged paham UUD 1945.

Salah satunggaling cara supados masyarakat Indonesia saged paham UUD 1945 inggil menika sarana nyaketaken UUD 1945 ing gesang padintenanipun masyarakat. Kanthi cara mekaten masyarakat saged tepang langkung caket sarta gampang mahami katemtuan-katemtuan ingkang kawrat ing UUD 1945. Kajawi menika, masyarakat dados kulina kaliyan konsép-konsép kenegaraan ing UUD 1945 ingkang sadangunipun menika langkung kathah dipunandharaken mawi pendekatan téori-téori saking manca negari.

Adhedhasar pemanggih kasebat, Sèkretariat Jenderal lan Kepaniteraan Mahkamah Konstitusi Républik Indonésia nggatosaken sawernipun pratikelipun masyarakat ingkang kepéngin njarwakaken UUD 1945 nganggé sawernipun basa dhaérah. Panjarwanipun menika minangka pangupaya ingkang nyengkuyung mawujudipun konstitusionalitas Indonesia lumantar nuwuhaken (panuwuhipun) budaya sadhar nganggé konstitusi. Panjarwanipun UUD 1945 ugi mujudaken salah satunggaling wujud pangecakipun Pasal 32 ayat (2) UUD 1945 ingkang mratélakaken bilih negari ngormati lan nguri-uri basa dhaerah minangka kaskayaning budaya nasional.

Panerbitipun UUD 1945 nganggé basa Jawi Krama (Madya) menika kawiwitan saking pratikelipun masyarakat lan kalangan pawiyatan luhur

ing Jawi Tengah ingkang salajengipun dipunparingi sarana dening Sekretariat Jenderal lan Kepaniteraan MKRI. Panjarwan lan panerbitipun menika dipunwawas perlu ngéneti basa Jawi Krama (Madya) mujudaken salah satunggaling basa dhaerah ingkang dipunpahami lan dipunginakaken dening masyarakat penutur basa Jawi ing gesang padintenanipun. Saderengipun, Sekretariat Jenderal lan Kepaniteraan MKRI inggih sampun paring sarana panjarwanipun UUD 1945 dhateng basa Jawi Krama Inggil, basa Jawi Ngoko, basa Sunda, basa Batak, lan basa Bali. Kajawi menika, ugi sampun paring sarana pangalihaksaranipun UUD 1945 dhateng aksara Arab Pegon, Arab Melayu, lan Mandarin. Nanging kedah dipunenet bilih naskah UUD 1945 ingkang resmi inggih ingkang ngangge basa Indonesia minangka basa persatuan.

Ngéneti bilih basa ingkang dipungadhahi dening bangsa Indonesia menika maneka warni, lan saben basa dhaerah kedah dipunormati lan dipunuri-uri, dipunbetahaken cawé-cawénipun pihak-pihak kanggé nindakaken tugas konstitusionalitas kasebat. Kula gung bagya mulya bilih wonten pihak sanés ingkang nggadhahi pratikel kangge njarwakaken UUD 1945 dhateng basa dhaerah sanés, utawi nyétak lan maradinaken jarwan ingkang sampun wonten. Bab menika namung sumedya supados langkung kathah masyarakat ingkang pikantuk lan mahami UUD 1945.

Jakarta, 5 April 2007

Mahkamah Konstitusi RI
Sekretaris Jenderal,



Janedjri M. Gaffar

ATUR SAPALA SAKING INKGANG NJARWAKAKEN

Kanthi ngaturaken puji syukur dhumateng Gusti Inkgang Maha Agung, ingkang sampun paring kasarasan saha kaslametan dhumateng Tim Penerjemah Undang Undang Dasar Negara Républik Indonésia Tahun 1945 ingkang dipunterjemahaken dhumateng basa Jawi Krama.

Tim Penerjemah salebetipun makarya kathah pepalang ingkang mboten sakedhik inggih punika awujud istilah-istilah ingkang magepokan kaliyan basa ukum ingkang ngandhut suraos menapa déné penafsiran makna saha tegesipun langkung saking setunggal. Pepalang sanésipun inggih menika awujud awratipun pados padanan ingkang trep lan cocok wonten ing Basa Jawi. Tuladhanipun tembung-tembung ingkang sampun miratoh lan umum dipunpregunaaken kados : Préambule, Majelis Permusyawaratan Rakyat, Pemilihan Umum lan saktipurutipun.

Tim Penerjemah sampun budidaya amrih asilipun jumbuh kaliyan ingkang dipun kersaaken dening Undang Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945. Kangge ngawekani asilipun terjemahan ingkang dipun garap déning Tim Penerjemah, dhumateng asilipun terjemahan lajeng dipun adhani lokakarya " Pengalihbahasaan Undang Undang Dasar Negara Republik Indonesia Tahun 1945 ke dalam Bahasa Jawa Krama", ingkang kalaksanaan tanggal 27-28 Januari 2007. Lokakarya kala semanten dipun rawuhi déning para praktisi, para akademisi, saha para pemerhati basa lan sastra Jawi saking laladan Semarang, Surakarta, lan Ngayogyakarta. Lumadipun lokakarya kepareng dados tiga, inggih menika Pemandangan Umum, Pembahasan Komisi, lan ingkang pungkasan Kesimpulan Hasil Akhir. Ancasipun dipunadhani lokakarya kanggé nyampurnaaken ing babagan istilah murih saged dipun tapi déning bebrayan agung.

Tim Penerjemah ngaturaken agenging panuwun ingkang tanpa pepindhakan dhumateng sadaya ingkang rawuh wonten ing lokakarya ingkang sampun atur panyaruwé amrih sampurnanipun asilipun terjemahan.

Ing kalodhangan menika Tim Penerjemah ngaturaken agenging panuwun dhumateng Ketua Mahkamah Konstitusi Republik Indonesia Prof. Dr. Jimly Asshiddiqie,SH ingkang kersa rawuh saha mbikak acara lokakarya.

Tim Penerjemah ugi ngaturaken panuwun dhumateng sinten kemawon ingkang sampun nyengkuyung saha nyurung satemah rancak